# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–05 सितम्बर 2024** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु अजोध्या पहुंचलें। ओइजा उहां के रामसेवकपुरम में नया बनल भव्य महाकुंभाभिषेकम अउर प्राण प्रतिष्ठा कार्यक्रम में हिस्सा लिहलीं। एकरे बाद उहां के कारसेवकपुरम में आयोजित अशोक सिंघल वेद पुरस्कार दुई हजार चौबीस के पुरस्कार वितरण कार्यक्रम में लोगिन के पुरस्कृत कइलीं। ऐह कार्यक्रम के संबोधित करत मुख्यमंत्री कहलें कि देस अउर स्नातन धरम खातिर अब हमहन के अपने अधिकारन क चिन्ता कम करे के होइ अउर नागरिक कर्तव्यन के विषय में जियादे सोचे के होइ। उहां के कहलीं कि आजु दुनिया सान्ति अउर सुरक्षा खातिर भारत के ओरि आसा के निगाहि से देखत हउवे। हमहन के येह दायित्व के समझे के होई अउर भारत के नेतृत्वकर्ता बनावे बदे आपन योगदान सुनिस्चित करे के होई। मुख्यमंत्री अजोध्या के श्रीरामलला मंदिर अउर संकटमोचनों गइलें। ओइजा विधि–विधान से श्रीरामलला क पूजा–अर्चना कइलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ ने सिक्षक दिवस के मौका पर आजु गोरखपुर के योगिराज बाबा गम्भीरनाथ पेक्षागृह में उत्कृष्ट सिक्षण कार करे वाले प्राथमिक अउर माध्यमिक सिक्षा के सिक्षकन के मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ राज्य अध्यापक पुरस्कार से सम्मानित कइलें। सम्मानित होखे वालन में बेसिक सिक्षा क एकतालीस अउर माध्यमिक सिक्षा क तेरह सिक्षक सामिल हउवें। एहमें से दुइ गो प्रधानाचार्यन के मुख्यमंत्री अध्यापक पुरस्कार से सम्मानित कइल गइल। पुरस्कार में सिक्षकन के पचीस हजार रूपिया क चेक अउर स्मृति चिन्ह दीहल गइल। येह मौका पर आयोजित कार्यक्रम के सम्बोधित करत मुख्यमंत्री विद्यालयन के आदर्स स्थिति पर चरचा कइलें। उहां के विद्यालयन के आत्मनिरभर बनवले पर जोर देत कहलीं कि एकरे खातिर सिक्षकन के बिसेस रूप से आगे आवे के होई। येह काम में उहां के एनसीसी अउर स्काउट गाइड क मददि लिहले क सलाहि देहलीं। मुख्यमंत्री सिक्षक लोगिन से कहलें कि ऊ अभिभावक लोगिन के साथे संवाद स्थापित करें। संवाद के जरिये ऊ विद्यार्थियन के पुरहर विकास के मार्ग प्रसस्त करें। उहां के विद्यार्थियन के व्यक्तित्व निरमाण में विद्यालयन क महत्वपूर्ण भूमिका बतवलीं। अउर कहलीं कि विद्यालयन में विद्यार्थियन के विकास क नेइ तइयार होला।

**********

देस आजु पूर्व राष्ट्रपति डाक्टर सर्वपल्ली राधाकृष्णन के जनमदिन के सिक्षक दिवस के रूप में मनावत हवे। येह मौका पर आजु प्रदेस के करीब सज्जो जिलन के सिक्षण संस्थानन में कई गो आयोजन कइल गइल अउर कार्यक्रम आयोजित कइ के सिक्षकन के सम्मानित कइल गइल। सिक्षण संस्थानन में आयोजित कार्यक्रम में सिक्षक के रूप में डॉक्टर राधाकृष्णन के योगदान के यादि कइल गइल अउर उनके प्रति कृतज्ञता जतावल गइल। दीनदयाल उपाध्याय गोरखपुर विश्वविद्यालय के सथहीं गोरखपुर के सज्जो विश्वविद्यालयन में सिक्षक दिवस पर सांगोस्ठी क आयोजन कइल गइल जेहमें सिक्षकन के सम्मानितो कइल गइल।

**********

पर्यावरण, वन अउर जलवायु परिवर्तन मंत्रालय की ओरि से करावल गइल स्वच्छ वायु सर्वेक्षण दुइ हजार चउबीस में दस लाख से जियादे जनसंख्या वाले सहरन के श्रेणी में आगरा के तिसरा स्थान मिलल हउवे, जवन वायु गुणवत्ता प्रबंधन के कोसिस में महत्वपूर्ण प्रगति के देखावे ला। येही तरियन तीनि से दस लाख जनसंख्या वाले सहरन के श्रेणी में फिरोजाबाद पहिला स्थान पर हउवे। ओहीं येह श्रेणी में झांसी तिसरा स्थान पर बाटे। सहर क औद्योगिक उत्सर्जन नियंत्रण अउर सहरी हरित क्षेत्रन के बढ़ावा दीहल वायु गुणवत्ता के सुधार में महत्वपूर्ण योगदान दे रहल हउवे। येही क्रम में तीनि लाख से कम जनसंख्या वाले सहरन के श्रेणी में प्रदेस के रायबरेली के पहिला स्थान मिलल हउवे।

**********

मिर्जापुर में आवे वाला नौ सितम्बर से राज्य स्तरीय खेल प्रतियोगिता क आयोजन होई। एहमें प्रदेस के अठारह मण्डलन क करीब पनरह सौ खेलाड़ी हिस्सा लीहें। पांच दिन ले चले वाले येह खेल प्रतियोगिता क आयोजन राजकीय इण्टर कॉलेज में कइल जाई। खेल प्रतियोगिता कई वर्ग में आयोजित कइल जाई। मिर्जापुर क जिला विद्यालय निरीक्षक राजकुमार दीक्षित प्रतियोगिता के आयोजन बदे विद्यालयन के आपन पूरा तइयारी रखले क निरदेस दिहले हउवें। उहां के बतवलीं कि प्रदेस भर से आवे वाला खेलाड़ियन बदे उत्तम व्यवस्था कइल जा रहल हवे। उनके ठहरले क इंतिजाम कइ गो विद्यालयन में कइल गइल हउवे।

**********

गोरखपुर के सथहीं प्रदेस के सज्जो पूरबी जिलन में आसमान में बादर लागल हउवे अउर कुछु जगहिनि पर रूकि–रूकि के बरखो क खबरि बाटे। बरखा भइले अउर तेज बेयारि चलले से लोगिन के उमस भरल गरमी से राहत मिलल हउवे। कुछु जिलन में दिन में तेज घाम निकरले के नाते लोगि उमस भरल गरमी से परसान रहलें। हलांकि संझा के बादर छवले अउर तेज बेयारि चलले से कुछु राहति महसूस कइल गइल। मौसम विभाग अगिला अड़तालीस घंटा में गोरखपुर, देउरिया, कुशीनगर, महराजगंज, बस्ती, सिद्धार्थनगर, संतकबीर नगर, आजमगढ़, मऊ के सथहीं कई गो पूरबी जिलन में बादर छवले अउर कुछु जगहिनि पर रूकि–रूकि के बरखा भइले क पूर्वानुमान जतवले हवे।

**********